# John
## Third Leta
## Introdushon

Apostle John rite di third leta to Gaius wey bi leader for one small fellowship or church. Diotrefes, one leader for di church dey karry body up dey sey make pipol nor help di missionaries wey dey kom visit dem. Di leta na to kondemn wetin Diotrefes dey do and to praiz Demetrius, anoda leader, wey dey help di missionaries for di church.

*I Salot*

1 Mi wey bi elder dey rite dis leta to Gaius, my
broda wey I love well-well. 2 My friend, I dey
pray sey make evritin dey good for yu and make
yor body well, just as yor soul well too. 3 I happy
well-well wen awa brodas kom tok about how yu
dey always live for di trut.
4 Wetin make mi happy well-well na wen I hear
sey my shidren dey live akordin to di trut.
5 My friend, di tins wey yu dey do for awa
brodas wey yu nor even know, good well-well.
6 Dem don even tok about yor love for inside di
church where God pipol gada. E go good sey wen
dem kom yor side, make yu help dem, so dat belle
go sweet God as dem dey kontinue dia journey.
7 Dem start dia journey bikos of "Christ name"
and dem nor gri take anytin from pipol wey nor
bi Christian. 8 So wi suppose to help doz pipol, so

dat wi go bi dia ko-worker wey go make di trut
stand.
9 I bin rite leta to di church pipol, but Diotrefes,
wey dey karry body up sey na-im bi dia leader,
nor gri welkom us. 10 So, wen I kom, I go tell
evribody wetin e do; tins wey wi nor do and e
sey wi do am. Even doh e dey tok bad about
us, dat one nor do for am; nor bi only sey e nor
dey welkom awa brodas, but e dey make odas
nor welkom dem too and e dey drive dem komot
from di church. 11 My friend, make yu nor follow
bad tin, but do wetin dey good. Di pesin wey dey
do good, na God own and di pesin wey dey do
wetin bad, neva know God.
12 Pipol don tok about Demetrius, bikos e dey
do good and even di trut wey e know, show sey
e good. Wisef dey tok about how e good and yu
know sey wetin wi dey tok, na true.
13 I get many tins wey I won tell yu, but I nor
one rite dem with biro and paper. 14 I dey hope
sey I go soon si yu and wi go tok face-to-face.
15 Make peace dey with yu. Awa friends for here
dey salot yu too. Make yu greet all awa friends
wey dey der.

# Holy Bible Nigerian Pidgin English
## Pidgin, Nigerian: Holy Bible Nigerian Pidgin English (Bible)

copyright © 2019 Wycliffe Bible Translators, Inc.

Language: Nigerian Pidgin

Contributor: The Seed Company

© Wycliffe Bible Translators, Inc. 2020 in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee
All rights reserved.

2020-11-30

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 21 Feb 2024 from source files dated 29 Jan 2022
789d27d3-da5e-50a4-a07b-58793a8f3c17